Экономиканың тийкарғы тараўларынан бири болған хызметлер тараўының әҳимийети жүдә үлкен. Ислеп шығарыў процесслериниң қурамаласып атырғанлығы, базарды күнлик ҳәм индивидуал талапларға тән тутыныў товарлары менен толтырыў, инновацион раўажланыўдың жедел өсиўи жәмийет турмыс дәрежесиниң жақсыланыўына алып келеди. Булар финанс, транспорт, қамсызландырыў ҳәм басқа түрлердеги хызметлерсиз әмелге аспайды.

Хызметлер тараўында 13,8 мыңнан аслам кәрханалар ҳәм шөлкемлер жумыс ислеп атыр, бул көрсеткиш өткен жылдың сол дәўирине салыстырғанда 116,5 % ти қурады. Жаңа кәрхана ҳәм шөлкемлерди ашыў, сондай-ақ ҳәрекет етип турған кәрхана ҳәм шөлкемлер тәрепинен инновацион технологиялардан пайдаланыў ҳәм көрсетилип атырған хызметлер түрлерин кеңейтиў келешекте жаңа жумыс орынларын көбейтиў ҳәм халықтың турмыс дәрежесин жақсылаўға имкан береди.

**Хызметлер тараўында хәрекет етип турған кәрханалар**
**ҳәм шөлкемлер саны,** *бирликте*
*(фермер ҳәм дийқан хожалықларынан тысқары) 2021 жыл 1 январь жағдайына*



**2021 жыл 1 январь жағдайына кәрхана ҳәм шөлкемлердиң улыўма санында хызметлер тараўында хәрекет етип турған кәрханалардың үлеси,** *% те*
*(фермер ҳәм дийқан хожалықларынан тысқары)*




2021 жыл 1 январь жағдайына хызметлер тараўында ҳәрекет етип турған кәрхана ҳәм шөлкемлер қурамында ең жоқары үлесин саўда хызмети менен шуғылланыўшы кәрхана ҳәм шөлкемлер 40,9 % қурайды.

Жасаў ҳәм аўқатланыў тараўында ҳәрекет етип турған кәрхана ҳәм шөлкемлердиң үлеси 9,3 % ти қурады.

Хызметлер тарауында ҳәрекет етип турған кәрхана ҳәм шөлкемлердиң улыўма санында тасыў ҳәм сақлаў түри менен шуғылланып атырған кәрхана ҳәм шөлкемлердиң үлеси 6,4 % ке жетти.

Денсаўлықты сақлаў тараўында ҳәрекет етип атырған ҳәм социаллық хызметлер көрсетиўши кәрханалар ҳәм шөлкемлердиң үлеси 3,0 % ти қурады.

Байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети менен шуғылланыўшы кәрханалар ҳәм шөлкемлер үлеси 2,7 % ке тең болды.

2020 жыл январь-декабрь айларында базар хызметлерин ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша көлеми 6508,9 млрд. сумды қурады, соннан аўыллық жерлеринде 1739,6 млрд. сум ямаса улыўма көрсетилген хызметлер көлеминиң 26,7 процентин қурады. 2019 жыл январь-декабрьге салыстырғанда өсим пәти 105,9 процентти қурады.

Хызметлер қурамында ең үлкен үлес транспорт (жәми хызметлердиң 26,1 проценти) ҳәм саўда 23,0 % ке, финанслық хызметлер 19,7 % ке, билимлендириў хызметлери 6,0 % ке, басқа хызметлер 25,2 % ке туўры келди.

**2020 жыл январь-декабрь айларында көрсетилген хызметлер қурамы, % те**



**Январь-декабрь айларында базар хызметлерин ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *хәрекеттеги кәрханалар саны* | *млрд. сум* | | *өсим пәти, %* | *үлеси, %* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *2020 ж.* | *2019 ж.* | | |
| **Жәми хызметлер** | **5979** | **6508,9** | **5671,8** | **105,9** | **100,0** |
| *соннан:хызмет түрлери бойынша:* | | | | | |
| байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети | 127 | 381,0 | 352,4 | 107,2 | 5,9 |
| финанслық хызметлер | 99 | 1 284,9 | 1 003,6 | 125,2 | 19,7 |
| транспорт хызмети | 829 | 1 700,2 | 1 486,3 | 108,3 | 26,1 |
| *соннан:* автотранспорт хызметлери | 769 | 925,6 | 821,6 | 102,4 | 14,2 |
| жасаў ҳәм аўқатланыў хызметлери | 716 | 175,2 | 161,5 | 100,0 | 2,7 |
| саўда хызметлери | 2684 | 1 494,1 | 1 323,2 | 99,7 | 23,0 |
| көшпес мүлк пенен байланыслы болған хызметлер | 236 | 170,8 | 165,1 | 91,5 | 2,6 |

*даўамы*

| | ҳәрекет-теги кәрханалар саны | млрд. сум | | өсим пәти, % | үлеси, % |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 2020 ж. | 2019ж. | | |
| билимлендириў тараўындағы хызметлер | 526 | 391,5 | 302,2 | 110,0 | 6,0 |
| ден-саўлықты сақлаў тараўындағы хызметлер | 216 | 66,1 | 65,1 | 83,6 | 1,0 |
| ижара хызметлери | 53 | 143,1 | 124,8 | 98,8 | 2,2 |
| компьютерлерди ҳәм турмыслық товарларды оңлаў хызметлери | 131 | 189,2 | 174,5 | 96,5 | 2,9 |
| басқа жеке хызметлер | 75 | 232,0 | 216,1 | 95,4 | 3,6 |
| архитектура, инженерлик излениўлер, техникалық сынаўлар ҳәм анализ тараўындағы хызметлер | 79 | 86,9 | 109,9 | 70,6 | 1,3 |
| басқа түрдеги хызметлер | 564 | 193,9 | 187,1 | 91,5 | 3,0 |

Хызметлер қурамында ең үлкен үлес транспорт (жәми хызметлердиң 26,1 проценти) ҳәм саўда (23,0 %) хызметлерине туўры келди.

Сондай-ақ, финанслық хызметлер (125,2 процент), билимлендириў тараўындағы хызметлер (110,0 процент) транспорт хызметлери (108,3 процент) өсим пәти жоқары болды.

**Экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы,**
*(2020 жыл январь–декабрь, айларында жәмине салыстырғанда % те)*

| | |
|---|---|
| Транспорт хызмети | 26,1 % |
| Саўда хызметлери | 23,0 % |
| Финанслық хызметлер | 19,7 % |
| Билимлендириў тараўындағы хызметлер | 6,0 % |
| Байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети | 5,9 % |
| Жеке хызметлер | 3,6 % |
| Басқа түрдеги хызметлер | 3,0 % |
| Компьютерлерди ҳәм турмыслық товарларды оңлаў | 2,9 % |
| Жасаў ҳәм аўқатланыў хызметлер | 2,7 % |
| Көшпес мулк пенен байланыслы хызметлер | 2,6 % |
| Ижара хызметлери | 2,2 % |
| Архитектура, инженерлик излениўлер | 1,3 % |
| Ден-саўлықты сақлаў тараўындағы хызметлер | 1,0 % |

Базар хызметлериниң улыўма көлеминдеги саўда хызметлери 23,0 % ең жоқары үлести қурайды. Саўда әпиўайы бөлистириў механизминен тутыныўшыға бағдарланған базар талапларын қәлиплестириў процесслериниң актив қатнасыўшысына айланды. Ҳәзирги ўақытта, саўда хызметлери экономикада көрсетилген жәми хызметлер көлеминиң сезилерли бөлими болып есапланады.

**2020 жыл январь-декабрь айларында саўда хызметлери қурамы, % те**



## 2020 жылдың январь-декабрь айларында экономикалық хызмет түрлери бойынша хызметлер ислеп шығарыў көлеми, млрд. сум



**Транспорт хызметлери** — **1 700,2 млрд. сум**



**Саўда хызметлери** — **1 494,1 млрд. сум**



**Финанслық хызметлер** — **1284,9 млдр. сум**



**Басқа хызметлер** — **490,0 млрд. сум**



**Билимлендириў тараўындағы хызметлер** — **391,5 млрд. сум**



**Мәлимлеме хәм байланыс хызметлери** — **381,0 млрд. сум**



**Басқа жеке хызметлер** — **232,0 млрд. сум**



**Компьютерлерди товарларды оңлаў хызметлери** — **189,2 млрд.сум**



**Жасаў хәм аўқатланыў хызметлери** — **175,2 млрд. сум**



**Көшпес мүлк пенен байланыслы болған хызметлер 170,8 млрд. сум**

Усы жылдың январь-декабрь айлары даўамында экономикалық хызмет түрлери бойынша көрсетилген хызметлер улыўма көлемде транспорт хызметлери ең жоқары үлести ийелеген болып, 1700,2 млрд. сумды қураған, 2019 жылдың сол дәўирине (2019 жылда 1486,3 млрд. сум) салыстырғанда 108,3 % ти қураған, сондай-ақ көрсетилген хызметлер көлеминде саўда хызметлери 1494,1 млрд.сум (2019 жылда 1323,2 млрд. сум), финанслық хызметлер – 1284,9 млрд. сум (2019 жылда 1003,6 млрд. сум) ҳәм билимлендириў тараўындағы хызметлер 391,5 млрд. сум (2019 жылда – 302,2 млрд. сум) есесине туўры келди.

**Экономикалық хызмет түрлери бойынша ислеп шығарылған базар хызметлериниң өсим пәтлери, %**
*(2020 жыл январь-декабрь айлары ушын)*




Соның менен бирге, ең жоқары өсим пәтлери финанс тараўындағы хызметлер (25,2 %), Билимлендириў тараўындағы хызметлер (10,0 %) ҳәм транспорт хызметлери (8,3 %) ке бақланды.

Республикамызда кредит сиясаты бойынша алып барылып атырған реформалардың даўам еттирилиўи финанслық хызметлердиң өсиўине имканият жаратты. 2020 жылдың январь-декабрь айларында финанслық хызметлериниң өсим пәти 25,2 % ке өсти.

Заманға сай банк хызметлерин көрсетиў, соннан “санлы” банклер ҳәм усақлап хызметлер көрсетиўге қәлиплестирилген банк бөлимлери ашыў ушын инновацион банк технологияларын әмелиятқа ендириў, аралықтан турып банк хызметлерин көрсетиў, төлем системасын жәнеде раўажландырыў финанслық хызметлердиң тез пәтлер менен раўажланыўына жәрдем береди.

2020 жыл январь-декабрь айларында финанслық хызметлер көлеми 1284,9 млрд. сумға тең болып, 2019 жыл январь-декабрь айларына салыстырғанда өсим пәти 125,2 % ти қурады.

**2020 жыл январь-декабрь айларында финанслық хызметлердиң қурамы, % те**



**2020 жыл январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша хызметлер ислеп шығарыў**

| | Көлеми млрд. сум | Өсим пәти, % те | Халықтың жан басына мың сумда | Өсим пәти, % те |
|---|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **6 508,9** | **105,9** | **3 405,8** | **104,4** |
| Нөкис қ. | 2 735,3 | 105,1 | 8 500,0 | 103,6 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 355,6 | 107,6 | 1 776,1 | 106,0 |
| Беруний | 351,5 | 104,0 | 1 822,2 | 102,2 |
| Бозатаў | 30,1 | 115,0 | 1 395,0 | 114,5 |
| Қанлыкөл | 89,5 | 104,3 | 1 744,0 | 102,9 |
| Қараөзек | 125,0 | 104,7 | 2 357,8 | 104,0 |
| Кегейли | 127,9 | 107,4 | 1 756,6 | 106,5 |
| Қоңырат | 887,1 | 108,3 | 6 782,3 | 106,9 |
| Мойнақ | 90,4 | 109,3 | 2 815,6 | 107,2 |
| Нөкис | 124,7 | 110,2 | 2 460,7 | 108,0 |
| Тақыятас | 151,2 | 104,9 | 2 034,8 | 103,5 |
| Тахтакөпир | 104,7 | 105,3 | 2 597,9 | 104,8 |
| Төрткүл | 451,9 | 106,7 | 2 092,3 | 104,8 |
| Хожели | 302,4 | 105,2 | 2 448,3 | 103,9 |
| Шымбай | 199,9 | 102,8 | 1 770,9 | 101,8 |
| Шоманай | 97,2 | 107,7 | 1 723,6 | 106,8 |
| Елликқала | 284,5 | 106,2 | 1 772,4 | 104,3 |

Қала ҳәм районлар кесиминде хызметлердиң ең жоқары өсим пәти Бозатаў районына (115,0 %) туўра келди.

Қарақалпақстан Республикасы бойынша көрсетилген хызметлердиң үлесин Нөкис қаласына (42,0 процент), Қоңырат районына (13,6 процент), Төрткүл районына (6,9 процент) ҳәм Хожели (4,6 процент) районларына туўра келеди.

Ең төмен өсим пәтлери Шымбай (102,8 %), Беруний (104,0 %), Қанлыкөл (104,3 %), Қараөзек (104,7 %) ҳәм Тақыятас (104,9 %) районларында бақланды.

2020 жылдың январь-декабрь айларында халықтың жан басына көрсетилген базар хызметлери көлеми 3405,8 мың сумды қурады. Өсим пәти өткен жылға салыстырғанда 104,4 % ти қурады.

Усы көрсеткиш аймақлар арасында Нөкис қаласында 8 500,0 мың сумнан Бозатаў районында 1 395,0 мың сумға шекемги аралықты қурайды.

**Аймақлар бойынша халықтың жан басына көрсетилген базар хызметлериниң көлеми ҳәм өсим пәти**
*(2020 жыл январь-декабрь айлары ушын)*



Халықтың жан басына көрсетилген хызметлер бойынша eң жоқары көрсеткиш Нөкис қаласында 8 500,0 мың сумға тең болып, өсим пәти өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 103,6 % ти қурады.

Буннан тысқары, халықтың жан басына көрсетилген хызметлер көлеминиң сезилерли өсиўи Бозатаў (114,5 %), Нөкис (108,0 %), Мойнақ (107,2 %), Қоңырат (106,9 %) ҳәм Шоманай (106,8 %) районларында бақланды.

Халықтың жан басына көрсетилген хызметлердиң eң пәс көрсеткиши, Бозатаў (1395,0 мың сум), Шоманай (1723,6 мың сум) районларында бақланды.

**2020 жыл январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша саўда хызметлер көлеми**



| | |
|---|---|
| Нөкис қ. | 383,3 млрд сум |
| Төрткүл | 159,9 млрд сум |
| Әмиўдәрья | 126,5 млрд сум |
| Елликқала | 114,7 млрд сум |
| Қоңырат | 114,6 млрд сум |
| Беруний | 112,2 млрд сум |
| Хожели | 106,3 млрд сум |
| Шымбай | 67,5 млрд сум |
| Тахыятас | 54,1 млрд сум |
| Кегейли | 43,6 млрд сум |
| Нөкис | 41,7 млрд сум |
| Қараөзек | 38,5 млрд сум |
| Мойнақ | 35,4 млрд сум |
| Шоманай | 31,7 млрд сум |
| Тахтакөпир | 30,3 млрд сум |
| Қанлыкөл | 24,0 млрд сум |
| Бозатаў | 9,8 млрд сум |

Саўда хызметлериниң көлеми бойынша ең жоқары көрсеткиш Нөкис қаласында (383,3 млрд. сум), Төрткүл (159,9 млрд. сум) ҳәм Әмиўдарья (126,5 млрд. сум) районларында бақланды.

Саўда хызметлери ең пәс көрсеткиш Бозатаў (9,8 млрд. сум) районында гүзетилди.

2020 жыл январь-декабрь айларында саўда хызметлери көлеми 1 494,1 млрд. сумға тең болды, өткен жылдың сол дәўирине салыстырғанда өсиў пәти 99,7 % ти қурады.

**2020 жыл январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша Саўда хызметлериниң өсим пәти, % те**




2019 жыл январь-декабрь айларына салыстырғанда саўда хызметлеринде ең жоқары өсим пәтлери Қанлыкөл (153,1 %), Нөкис (118,3 %), Кегейли (116,1 %) ҳәм Шоманай районларында (114,8 %) бақланды.

Ең кем өсим пәти Нөкис қаласында (84,8 %) бақланды.

**2020 жыл январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша саўда хызметлери үлеси, % те**




Саўда хызметлери көлеминде ең жоқары үлести қала ҳәм районлар арасында Нөкис қаласы (25,7 %) ҳәм Төрткул (10,7 %) районлары ийелейди.

Қала ҳәм районлар арасында ең кем үлес Бозатаў (0,7 %), Қанлыкөл (1,6 %) ҳәм Тахтакөпир (2,0 %) районларына туўра келеди.

2020 жылдың январь-декабрь айларында транспорт хызметлери көлеми 1700,2 млрд. сумға тең болды. Өткен жылдың сәйкес дәўирине салыстырғанда өсим пәти 108,3 % ти қурады.

**2020 жыл январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша транспорт хызметлериниң өсим пәти ҳәм көлеми**




Транспорт хызметлери көлеми бойынша ең жоқары көрсеткиш Нөкис қаласы (615,4 млрд. сум) ҳәм Қоңырат районында (535,7 млрд. сум) гүзетилди.

Транспорт хызметлери көлеми бойынша ең пәс көрсеткиш Бозатаў районында (2,8 млрд. сум) гүзетилди.